This document is part of The Vaynakh Vault archive

You can contribute right now to the conservation of our heritage at vayvault.com

vaynakh
the vault

# Ражаб баттах 20 пайда

***Яздинарг: Шайх Мухьаммад Са́лихь Мунажжид***

***Гочдинарг: Нурдин кIант Iадлан***

www.heham.tv

# Гочдархочун дешхьалхе

Хастам бу вай кхоьллинчу АллахIна. АллахIера салават а, салам а хуьйла Iаламех къинхетам беш ваийтинчу вайн Пайхамарна!

**Цул тIаьхьа!** ХIора шарахь юх-юха нислуш белахь а ражаб бутт, цу баттахь нахана юккъехь лелаш долу бидIаташ а дуьйлу хIора шарахь карла, цундела, муьлхха бусалбанна коьрта хила дезаш ду, шен динах ша лелош дерг бух болуш ду я дац довзар. Къаьсттина ражаб беттан хьокъехь дуккха а лела вайна юккъехь бух боцурш, ткъа кху жайно вайна хьоьхур ду, ражаб баттах довза дезачух цхьа кIеззиг.

Кхунна гочдечу юккъехь, ца кхеташ хила мега аьлла хетта меттигаш а, иштта пайде хила мега аьлла хеттарг а, тIетовжар деш, буха яздина вай, къовларшна юкъадуьллуш.

ХIокху кепара [] къовларшна юккъехь дерг ас тIеяздина къамел хир ду, жайна яздиначуьнан къамел дац.

***<u>Гочдина ваьлла 19. 01. 2023 ш, буьйсанна исс долуш.</u>***

# Къинхетамечу а, Къинхетамбечу а АллахIан цIарца

АллахIана хастам бу. Салават а, салам а хуьйла АллахIан Элчанна (саллаллахIу IалайхIи ва саллам).

ХIорш ражаб баттах доцца долу белхаш ду цхьаьнатоьхна, «За́д» олу Iилманан гуламера тобано кху хьокъехь вовшахтоьхна, дика кечдина, Шайх Мухьаммад Са́лихь Мунажжидан (АллахIа Iалашвойла иза) бес-бесара лекцишкара а, хьехамашкара а, программашкара а.

АллахIе доьху вай кхунах а, хIара санна долчех а пайда бар! Иштта дакъа мел лаьцначунна а, кечдеш, даржош гIо мел диначунна а диканца бекхам бар а.

**Ражаб бутт** - хIижрийн рузманан беттанашха ворхIалгIа бутт бу. И цIе «Таржи́б» бохучу дашах схьаэцна ю, цуьнан маьIна: беза ларар бохург ду. ХIунда аьлча, бусалба дин да́ле хьалха хиллачу керста наха беза лоруш хилла иза, цу баттахь тIом бан а цамагош.[1]

«Къора ражаб» олуш а хилла цунах, хIунда аьлча, цу баттахь тIеман меттахдовларш а, я герзан гIовгIанаш а хезаш ца хилла, хезаш воцу къорачух терра, хIунда аьлча, иза бихкинчу беттанашха бу.[2]

«Ира буьхькаш дIадохург» олуш а хилла цунах, цуьнан маьIна: гоьмукъаш а, пхерчий а шайн меттера дIадохуш берг, хIунда аьлча, ражаб бутт тIебеъча гоьмукъашна а, пхарна а буьххьера ира аьчкаш дIайохура цара, цу баттахь тIом бар доьхкуш, и бутт беза лоруш.[3]

**Ражаб бутт** - бихкинчу биъ баттах бу, уьш кхоъ тIеттIа бу: зул-къаIдахI, зул-хьижжахI, мухьаррам, цул тIаьхьа ражаб.

Лекха волчу АллахIа ма-аллара: **«Баккъалла а, АллахIна гергахь беттанаш шийтта ду, АллахIан Лавхьул-Махьфу́з чохь дIаяздина, стигланаш а, латта а кхоьллинчу дийнахь. Царах - биъ бутт бихкина бу».** [Сурат: ТавбахI, аят: 36]

[1] Хьожур ву: Ибн Фа́рисан «Макъа́йи́сул-лугIати» олу жайни чу, агIо: 2/495. Ибн Манзу́ран «Лиса́нул-Iараб» олу жайни чу, агIо: 1/411
[2] Хьожур ву: «Лиса́нул-Iараб» олу жайни чу, агIо: 12/344
[3] Хьожур ву: Сахьи́хь: Буха́рий: 4377. Лиса́нул-Iараб, агIо: 11/663

Хьадисехь а ду: **«АллахIа стигланаш а, латта а кхуллучу дийнахь ма-хиллара юхахьаьвзина зама. Шо - шийтта бутт бу,[4] царах биъ бихкина бу, кхоъ тIеттIа бу: зул-къаIдахI, зул-хьижжахI, мухьаррам, ткъа ражаб - мудархойн берг бу,[5] жума́да́на а, шаIба́нна а юккъехь берг[6]».[7]**

ХIара дихкина долу беттанаш, шайх ражаб бутт а болу - Лекха волчу АллахIана гергахь деза лоруш беттанаш ду, ша-шена зулам дар хьарам долуш: Iеса хIуманаш дарца, я АллахIан дазонаш хедорца.

---

[4] [Кхойтта бутт лоруш хиллера шо, бусалба дин да́ле хиллачу керста наха аьлла дийцина. Шийтта бутт а ткъе пхи де а шо лоруш хиллера аьлла а ду, и ду Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) кхузахь дуьйцург, наха галбаьккхина болу шеран барам, юха ша ма-хиллара кепехь бу шуна, шийтта бутт - шо хир долуш. Ибн Хьажар Iаскъала́нис а (АллахIа къинхетам бойла цунах) цунах дерг иштта билгал ма-дарра. [Фатхьул-ба́рий, агIо: 8/325]]

[5] [Иштта аларан бахьана: кхиболчу керста наха оцу ражаб меттана бихкина берг кхин бутт хуьлуьйтуш, ткъа ражаб бутт бихкинчех ца хуьлуьйтуш и беттанаш кегийначу хенахь, мудар тайпано ша ма-барра битинера и ражаб бутт, кхечуьнца хуьйцуш кега а ца беш. Цундела билгалдаьккхира Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) оцу мудар тайпано ражаб лоруш берг - и бу шуна бакъболу ражаб аьлла.
Ибн Хьажар Iаскъала́нис а (АллахIа къинхетам бойла цунах) цунах дерг иштта билгал ма-дарра. [Фатхьул-ба́рий, агIо: 8/325]]

[6] [Жума́да́л-а́хирахI бутт бу, тIаккха ражаб бу, тIаккха шаIба́н бу, оцу шинна юккъехь нислуш болу ражаб бу ша буьйцург, наха кхечуьнца хийцинарг боцуш аьлла тIечIагIдеш бохура Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) иштта. Ибн Хьажар Iаскъала́нис а (АллахIа къинхетам бойла цунах) цунах дерг иштта билгал ма-дарра. [Фатхьул-ба́рий, агIо: 8/325]]

[7] Буха́рий: 3197. Муслим: 1679

Лекха волчу АллахIа ма-аллара: **«Оцу беттанаш чохь ма де шаьш-шайна зулам».** [Сурат: ТавбахI, аят: 36]

Цунах лууш дерг: ХIокху дихкина долчу беттанашкахь ма де шаьш-шайна зулам, хIунда аьлча, оцу беттанашкахь динарг къине диллича чIогIох а, доккхох а ду кхидолу беттанашкахь динчул а. Зулам а, къа а, кхидолу беттанашкахь дар делахь а мегаш доцуш, амма оцу беттанашкахь кхин а чIогIа хьарам хуьлу иза, уьш деза лоруш долан дела, Лекха волчу АллахIана гергахь дихкина беттанаш уьш долан дела.

Къата́дата (АллахIа къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Дихкинчу беттанашкахь зулам дар гIалате а, къине а диллича доккхох ду хьуна, уьш доцуш кхидолчу беттанашкахь динчул а. Зулам ша муьлххачу хьолехь а ду доккха, делахь а, АллахIа даздо шен белхах Шена луург».**[8]

Бусалбанна тIехь важиб ду хьуна дихкина долу беттанаш деза ларар. Оцу беттанаш чохь Лекха волчу АллахIан дазонаш ца хедорца а, шен фарзаш кхочушдарца а, шен важибаш лардарца а, Цунна муьтIахь хилар тIехь а, Цунна Iибадат дар тIехь сутар хиларца а, Иза реза хин волчу кепара! Ткъа ларлойла-кх шен дегIана зулам дарх АллахIа хьарам динарш дийлитарца, Иза оьгIаз вохуьйтун дерг лелорца, ЦIена волчунна дазонаш хедорца, къаьсттина кху беттанашкахь, уьш доцуш кхидолу беттанашкахь а!

---

[8] Тафси́р, ТIабарий, агIо: 14/237. Тафси́р, ибн Каси́р, агIо: 4/148

Къаьсттина ражаб беттан дозалла дуьйцуш цхьа а бух болуш хьадис дац.

Хьа́физ Ибн Хьажара (АллахIа къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Ражаб беттан дозалла дуьйцуш, я и бутт кхабар дуьйцуш, я цу баттахь цхьа къастийна деношкахь марха кхабар дуьйцуш, я цу баттахь къастийна цхьа буьйса денъяр дуьйцуш деана тоьшаллина дало мегар долуш, сахьи́хь долуш цхьа а хьадис дац».**[9]

**Ражаб бутт** къасто мегар дац цхьана къастийначу Iибадатца, иза цу баттахь дар деза а лоруш, цу беттан цхьадолу деношкахь марх кхабаре терра уьш кхабар деза а лоруш, я цу беттан цхьайолу буьйсанаш денъяре терра уьш денъяр деза а лоруш, я цхьа къастийначу доIанашца къасторе терра уьш цу баттахь дар деза а лоруш, ткъа и дерриге ду - бидIат.

Цхьа а хан яц кхийолчу хенал еза, шарIано язйинарг бен, цхьана къастийначу Iибадатца.

Шайхул-ислам Ибн Таймиййата (АллахIа къинхетам бойла цунах) аьлла: **«ШарIано еза лерина йоцуш цхьа хан еза ларар, раби́Iул-аввал беттан цхьайолу буьйсанаш ларире терра, (Пайхамар дуьненчу ваьлла буьйсанаш ю олуш йолу) я ражаб беттан цхьайолу буьйсанаш ларире терра - ткъа и дерриге ду хьалха дIабаханчу дикачу наха лелийна доцу а, дика лаьрра доцу а бидIатех».**[10]

---

[9] Табии́нул-Iажаб бима́ варада фи́ шахIри ражаб, агIо: 11
[10] Мажму́Iул-фата́ва́, агIо: 25/298 доцца

Кхидолу беттанашкахь кхобучул а деза ду ражаб баттахь марханаш кхабар аьлла, ражаб бутт марханаш кхабарца къасто мегар дац. Делахь а, иза дихкина долчу беттанех хиларна кхобуш велахь, иштта кхидолу дихкина беттанашкахь а кхобуш а хилла велахь, тӀаккха-м хӀумма дац, хьадисехь дийцина хиларна: **«Дихкинчу беттанех а кхаба марханаш, дерриге а ца кхобуш».**[11]

Иштта ражабца шаӀба́н а, рамада́н бутт а кхобуш хилча а мегар дара. Амма ражаб бутт марханаш кхабарца къастор ца магадо. Магош дерг - цу баттахь кхидолу беттанашкахь ма-кхаббара марханаш кхабар ду, оршот, еара дийнахь, баттах 13-гӀа, 14-гӀа, 15-гӀа денош, дедда-юкъа кхабаре терра.

Ӏумарера (АллахӀ реза хуьйла цунна) дийцина, ражаб баттахь нехан куьйгаш тӀе цо хӀума тухуш хилар, цара и куьйгаш шаннашна тӀе кховдадаллалц, ша олуш: **«Яа, дин да́ле хьалха керста наха базбеш хилла бутт бен бац иза!».**[12]

Ибн Ӏабба́с а (АллахӀ реза хуьйла цушинна) вара дийнна ражаб бутт марханаш кхаба цамагош, нахе цунах Ӏадат ца дайтархьама.[13]

Шайхул-ислам Ибн Таймиййата (АллахӀа къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Ражаб бутт къастийна цу баттахь марханаш кхабар хьокъехь долу хьадисаш дерриге**

[11] Абу́ Да́ву́д: 2428. Алба́нис даӀи́ф дина
[12] Мусаннаф, ибн Аби́ ШайбахӀ: 9851. Алба́нис сахьи́хь дина «Ирва́ъ» жайнахь: 957
[13] Мусаннаф, ибн Аби́ ШайбахӀ: 7854

**даІи́ф ду, мелхо а, мавду́І[14] ду, Іеламнах царах цхьанна а тІе ца товжуш долу, езачу Іамалшкахь далош долчу кепара даІи́ф хилла Іаш дац уьш, мелхо а, уьш дукхахдерш мавду́І - харц хьадисаш ду».[15]**

Имам Ибн Къайййима (АллахІа къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Ражаб баттахь марха кхабар хьокъехь, цу баттахь цхьайолу буьйсанаш денъяр хьокъехь мел долу хьадис - Пайхамарна тІе кхоьллина харцо ю».[16]**

Иштта Ибн Къайййима (АллахІа къинхетам бойла цунах) кхин а аьлла: **«Пайхамара (саллаллахІу ІалайхІи ва саллам) хьалхий-тІаьхий кхо бутт ца кхаьбна-кх (ражаб, шаІба́н, рамада́н), цхьаболчу наха уьш кхобуш ма-хиллара. Я ражаб бутт а ца кхаьбна цо цкъа а, я иза кхабар дика ду а ца аьлла Цо[17]».[18]**

Ражаб бутт кхаба нузар[19] динчо дуй къарбаран гІуда токхур ду, хІунда аьлча, мархенаш кхабарца и бутт къастабар бусалба дин да́ле хьалха керста наха лелош хІума дара.

---

[14] [Цхьаммо шеггара юкъадаьккхина, Пайхамарна тІе кхоьллинчу харцонах олу мавду́І хьадис]
[15] Мажму́Іул-фата́ва́, агІо: 25/290
[16] Мана́рул-муни́ф фис-сахьи́хьи вад-даІи́ф, агІо: 96
[17] [Цундела суннат дац вайна юккъехь лелаш долу кхаа беттан мархенаш кхабар боху хІума]
[18] За́дул-маІа́д, агІо: 2/61
[19] [Нузар бохург - АллахІа важиб дина тІедиллина доцу хІума, ша лелор ду аьлла лено шена тІелацар ду, тІаккха и нузар кхочушдар цунна тІе а дужуш, кхочуш ца дахь гІуда а кхеташ. Нагахь нузар динехь цхьа Іеса хІума дийр ду аьлла, тІаккха кхочушдийр дац, мелхо а, цу тайпа ша дина нузар кхочуш ца дарца доха а дина, тІаккха шен гІуда токхур ду. Ткъа нузар дохийча тІедужуш долу гІуда - дуй къарбича дужуш дерг ду]

Цундела, иштта нузар дар кархIат ду, тIаккха иза кхочушдан дезаш дац.[20]

Пайхамарера (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) деъна дац ражаб баттахь цо Iумрат дина аьлла, мелхо а, Iáишата (АллахI реза хуьйла цунна) инкарло йира цо и дина бохучу къамелан.

IабдуллахI ибн Iумаре (АллахI реза хуьйла цушинна) хаьттинчу хенахь, «АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) маса Iумрат дира» аьлла, цо жоп делира: **«Диъ дира, царех цхьаъ ражаб баттахь а дира», -** аьлла. ТIаккха и къамел Iáишатна дIахезча, цо элира: **«АллахIа къинхетам бойла Iабдур-Рахьмáнан дех[21], иза шеца волуш бен ма ца дина Пайхамара цхьа а Iумрат, ражаб баттахь цкъа а дина ма дац цо»**. Ткъа Ибн Iумара-м хезаш вара и къамел, цо «хIаъ, я, хIан-хIа» ца элира, тапъаьлла Iийра.[22]

Ибн Iумаран (АллахI реза хуьйла цушинна) кегаделлера, я дицделлера, я шекваьллера, цундела, бусалба нехан нана

---

[20] Хьожур ву: «Фатáвал-лажнатуд-дáимахI» олу фатáвашка, агIо: 23/220

[21] [«Iабдур-Рахьмáнан дех» эли Iáишата, «IабдуллахIах» ца олуш, АллахI реза царна массарна хуьйла. Вуьшта аьлча, IабдуллахIан цIе кхеби-кх Iáишата, вай воккхачун цIе кхобуш «ваша» ма-аллара, Iарбоша цуьнан воккхах волчу доьзалхочунна цIе йоккхий «хьенехан да» олу, ткъа Iáишата цIе кхаббал воккха вацара хьуна IабдуллахI, ши шо, мел дукха а кхо шо делахь кхин дацара цушинна юккъехь, амма гIиллакх дара-кх иза! Цундела, цIе кхабар иза - асхьабийн гIиллакх ду, воккхачун цIе кхабар, несо марзахойн цIе кхабар, хIусамден цIе кхабар, хIусамненан цIе ца яккхар нахана хьалха - и дерриге ду гIиллакх, бусалба динехь шен бух а болуш]

[22] Бухáрий: 1775. Муслим: 1255

лоруш йолу Іáишатна (АллахІ реза хуьйла цушинна) инкарло ца йира цо.[23]

Хьалха дІабаханчу цхьаболу дикачу нахера деъна, асхьабех а, тáбиІинех а болу, ражаб баттахь Іумрат дар дика лоруш хилла аьлла, хІунда аьлча, иза бихкина бутт бу, шеран юккъера беза лоруш бутт бу. Цу баттахь Іумрат дар дика лаьррачех ву: Іумар ибн ХаттІáб, цуьнан кІант ІабдуллахІ, бусалба нехан нана лоруш йолу Іáишат, Асвад НахаІий, Къáсим ибн Мухьаммад, уьш боцурш а. Ибн Сúрúна далийна, хьалха дІабахана болу дикачу наха ражаб баттахь Іумрат дора аьлла.[24]

Шайх Ибн Іусаймúна (АллахІа къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Хьалха дІабаханчу дикачу нахана (АллахІа къинхетам бойла царех) юккъе къовсам боьжна ражаб баттахь Іумрат дар суннат ду я дац аьлла, тІаккха царех цхьаболчара аьлла: «Суннат ду» кхиболчара аьлла: «Суннат дац». ХІунда аьлча, иза суннат хилча, Элчано (саллаллахІу ІалайхІи ва саллам) билгалдина хир ма дара иза, я де аларца, я ша дарца...**

**Ражаб баттахь Іумрат дар дика ду аьлла цхьа а къеггина тоьшалла а ца кардо суна».**[25]

[23] Хьожур ву: Нававин «Шархь Іалá сахьúхьи муслим» олу жайни чу, агІо: 8/234

[24] Хьожур ву: Ибн Абú Шайбатан «Мусаннаф» олу жайни чу: 13497-13499-13500-13501. Ибн Ражабан «ЛатІáифул-маІáриф» олу жайни чу, агІо: 120

[25] Ибн Іусаймúнан «Фатáвá» олу жайна, агІо: 22/273

**Ражаб баттахь лелочу бидІатех ду:** «РагІáиб» олу суннат ламазаш дар, ражаб бутт тІебеъча дуьххьарлера пІераскан буса деш долу, (шийтта ракаІат ду уьш) маьркІажа, пхьуьйра ламазан юккъехь деш, цкъа шел хьалха еара дийнахь марха кхобий деш ду уьш, ражаб беттан дуьххьарлера еара де хуьлу иза. Иза чІогІа боьха бидІат ду, Іеламнаха шаьш а билгалдаькккхина цу хьокъехь деъна долу хьадис харцо ю, мавдýІ ду - Пайхамара (саллаллахІу ІалайхІи ва саллам) уьш дина аьлла деана цхьа а хІума дац, я цуьнан цхьана асхьабо дина аьлла а, я цхьана тáбиІино а, я бусалба нехан имамаша а![26]

**Иштта бидІатех ду хьуна:** ражаб бутт юккъебахча деш долу Дáвýд Пайхамар ненан ламазаш олуш дерг а.

**Ражаб баттахь** хилла бохуш даккхи белхаш дуьйцу, амма царех бух болуш цхьа а хІума дац. Иштта дуьйцучех ду: Пайхамар (саллаллахІу ІалайхІи ва саллам) ражаб беттан хьалхарчу буса дуьнен тІе ваьлла бохург а, цу беттан 25-гІа, я 27-гІа чохь цуьнга пайхамаралла доссийна бохург а, и дерриге ду шен цхьа а бух боцуш.[27]

Пайхамар Къудс маьждиге вигна, цигара стигал ваккхар ражаб баттахь хилла, я цу беттан 27-гІа чохь хилла бохург бух болуш дац, мелхо а, цу хьокъехь дуккха ду дешнаш

[26] Хьожур ву: Наваьин «Мажмýl» олу жайни чу, агІо: 3/548. Цуьнан «Шархь Іалá сахьи́хьи муслим» олу жайни чу, агІо: 8/20. «МажмýІул-фатáвá» олу жайни чу, агІо: 23/134. Ибн Къайййиман «Манáрул-мунúф» олу жайни чу, агІо: 96

[27] Хьожур ву: Ибн Ражабан «ЛатІáифул-маІáриф» олу жайни чу, агІо: 121

къовсаме, дуккха а Іеламнаха бух боцуш лерина иза ражаб баттахь хилар а.[28]

Ткъа иза бух болуш хиллехь а мегар дацара ражаб беттан 27-гІа буьйса язъян а, я цхьа Іибадатца къасто а, и дерриге бидІат ду, хІунда аьлча, Пайхамара (саллаллахІу ІалайхІи ва саллам) дина аьлла деъна дац, я хьалха дІабаханчу дикачу наха а ца лелийна иза, асхьабех а, та́биІинех а болу, нагахь иза дика хиллехь-м цара вайл хьалха лелийна хир ма дара.

**Ражаб баттахь лелочу бидІатех ду:**

-**Ражаб бутт** къастабар - беллачарна тІера сагІа даккхарца.

-**Ражаб бутт** къастабар - кешнака бахарца. Шарчохь муьлхха а хенахь мегаш дара кешнашка ваха.

-**Ражаб бутт** къастабар - наха шайггара юкъадаьхначу доІанашца.[29]

-**Ражаб баттахь** - Пайхамаран маьждиге зерате вахар деза ду аьлла деган тешам хилар, оцу зератах ала а олуш: «Ражаб беттан зерат дар».

-**Ражаб бутт** къастабар - закат цу баттахь даларца, кхечу беттанашкахь а ца луш. Ткъа закат дІадалар важиб хуьлуш ма ду шо дуьзча, муьлхха баттахь и нисделлехь а.

---

[28] Хьожур ву: Абу́ Ша́матан «Ба́Іису Іала́ инка́рил-бидаІи вал-хьава́диси» олу жайни чу, агІо: 74. Ибн Хьажаран «Фатхьул-ба́рий» олу жайни чу, агІо: 7/203. «ЛатІа́ифул-маІа́риф» олу жайни чу, агІо: 121

[29] [Ражаб беттан хІокху буьйсанна, я хІокху дийнахь деш ду бохуш мел лелаш долу доІанаш ду бух боцуш а, бидІат а]

-**Ражаб беттан** IатúрахI олу хIума лелор а, иза - хьайбанна урс хьакхар ду, бусалба дин дале хьалхе керста наха ражаб баттахь лелош хилла долу, шайна юкъахь лелош дара цара иза, гIурбан дийнахь, гIурбанна урс хьокхуш санна.[30]

Ткъа Iеламнехан къовсам хилла цуьнан хьукман хьокъехь, цу хьокъехь даьхкина хьадисаш бес-бесара хиларна, ткъа нийсох дерг - лаххара барам а кархIат ду иза, Ислам-дино дохийна иза - Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) **«ФараI боху хIума а дац, я IатúрахI боху хIума а дац», -** аларца.

ЗурхIрис (АллахIа къинхетам бойла цунах) аьлла: **«ФараI» бохучух лууш дерг - шайн хьайбано дуьххьара йиначу кIорнина урс хьокхура цара, шайн делан дуьхьа. «IатúрахI» бохучух лууш дерг - ражаб баттахь хьайбанна урс хьакхар ду, гIурбанна ма-хьаккхара».[31]**

И кархIат хилар гуттар тIечIагIло хьуна ражаб беттан юьххьехь иза нисделча, нахе ала а аьлча: «ХIумма дац иза лелор». Ткъа адам цу тайпа белхашна атта тIетов, тIаккха хила тарло-кх ражаб бутт зул-хьижжахI санна гIурба доь бутт, нах цу тIе бирзина, тIаккха Iадат хилла Iибадаташна юкъадахна дуьсур долуш - ткъа иштта дерг-м шеко йоцуш мегар доцург ду.[32]

СагIина урс хьакха шена лаучо, урс хьакха муьлхха баттахь, АллахIана дуьхьа, ражаб баттахь хьакха ца хьежош. Ткъа

[30] Хьожур ву: Ибн Къудáматан «МугIний» олу жайни чу, агIо: 9/464
[31] Бухáрий: 5474. Муслим: 1976
[32] ШархьулI-мумтиI, агIо: 7/325

хьадисехь деъна-кх - «Мина́» олу меттехь цхьана стага кхайкхира, цо элира: «ХIай АллахIан Элча, бусалба дин дале хьалха-м ражаб баттахь сагIина хIума юьйш урс хьокхура оха, ткъа хIинца хIун омра дийр дара ахь тхоьга?» Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира: **«Муьлхха баттахь хьакха урс, Сийлахь-тоьлла волчу АллахIана муьтIахь а хила шу, сагIина кхача а ло».**[33]

**Ражаб баттахь** хьайбанна урс хьаькхнехь, я эмкал кIорнина хьаькхнехь, шен хьаштонна, я сагIина яла, я шена а, шен доьзална яа, иза кархIат хир дац хьуна, делахь а, «Iати́рахI» кхочушдан а ца бохуш юьйр ю цо.

**Ражаб** - мархийн беттан юьхьиг санна бу, цундела, цу ражаб баттахь кечамбар там болуш ду мархийн баттана, Абу-Бакр Балхичо (АллахIа къинхетам бойла цунах) ма-аллара: **«Ражаб бутт - ялта дIадоь бутт бу. ШаIба́н бутт - цу ялтана хи дуьллу бутт бу. Ткъа мархийн бутт - ялта хьокху бутт бу».**

Иштта аьлла: **«Ражаб беттан масал - мохех тера ду. ШаIба́нан масал - марханашка тера ду. Ткъа мархийн беттан масал - догIанех тера ду».**[34]

Ткъа ражаб баттахь ялт дIа ца дийнехь, шаIба́н баттахь хи ца дилнехь, мархийн баттахь хьакха хIун хьокхур ю?!

---

[33] Абу́ Да́ву́д: 2830. Наса́ий: 4229. Ибн Ма́жахI: 3167. Алба́нис сахьи́хь дина
[34] Ибн Ражабан «ЛатIа́ифул-маIа́риф» жайна, агIо: 121

**«Я АллахI, ражаб а, шаIба́н а баттах беркат де ахь тхуна, мархийн батте а кхача де Ахь тхо»** боху хьадис, даIи́ф ду, бух болуш дац. Иза даIи́ф лерина: Нававис, ибн Ражаба, Алба́нис, уьш боцучара а.[35]

Лекха-волчу АллахIе доьху вай суннатан тIаьхьадазар а, Шена дезачуьнга а, Ша реза волчуьнга а вай нисдар а, бидIатех а, керла хIуманаш юкъа дахарх а вай лардар а! Хастам бу-кх АллахIана, Iаламаш кхиош волу.

35 IабдуллахI ибн Ахьмадан «Зава́ид Iалал-муснад» жайна: 2346. БайхIакъин «ШуIабул-иман» жайна: 3534. Хьожур ву: Нававин «Азка́р» олу жайни чу, агIо: 189. ЛатIа́ифул-маIа́риф, агIо: 121. ДаIи́фул-жа́миI: 4395

*«Кхеташ делара-кх сан къам». [Сурат: Ясӣн, аят: 26]*

*АллахӀе доьху ас, кху тӀехь бина болх беркате бар а, кху белха тӀехь долу сан гӀалат билгалдеш хаам бинчух къинхетам бар а.*

*Хастам бу Шен ниӀматашца диканиг кхочуш хуьлуьйтуш волчу АллахӀна. АллахӀера салават а, салам а хуьйла Ӏаламех къинхетам бан ваийтинчу вайн Пайхамарна!*